



Pou Piblikasyon Imedya: 21/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI DESIZIF POU SEKIRIZE AKSÈ A SÈVIS SANTE  
REPWODIKTIF YO NAN NEW YORK**

*Pwoteje Aksè Gratis pou Kontrasepsyon*

*Egzije pou Konpayi Asirans yo Kouvri Tout Sèvis Avòtman ki Medikalman Nesesè  
yo San Kopeman, Koasirans, oswa Franchiz*

*Nouvo Mezi Règlemantè Eta yo Disponib [Isit la](#) ak [Isit la](#)*

*[Lèt la](#) Fè Respekte Obligasyon Konpayi Asirans yo pou yo Founi Enfòmasyon  
Konplè ak Egzat konsènan Kouvèti yo*

*Mezi yo Kowenside ak 44<sup>èm</sup> Anivèsè Roe v. Wade ak Mach Fanm yo te fè Atravè  
New York la*

*Pwochè Etap Pwomès New York Anvè Fanm yo: Toujou Pi Wo (New York's  
Promise to Women: Ever Upward) – Gen plis enfòmasyon ki disponib [Isit la](#)*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon seri mezi pou garanti aksè a dwa repwodiktif nan Eta New York la yo. Atravè mezi règlemantè yo, Eta a pral asire politik konpayi asirans sante komèsyal yo kouvri medikaman kontrasepsyon ak aparèy yo san kopeman, koasirans, oswa franchiz kèlkeswa avni Lwa sou Swen Abòdab la (Affordable Care Act); kontrasepsyon yo disponib nan yon montan ki depase apwovizyonman pou yon mwa alafwa; ak politik asirans sante komèsyal tout sèvis avòtman medikalman nesèsè san kopeman, koasirans, oswa franchiz.

Anons lan kowenside avèk Mach Fanm yo nan Washington D.C., atravè Eta New York la, ak atravè peyi a, ansanm ak 44<sup>èm</sup> anivèsè desizyon makan Tribinal Siprèm Etazini an nan ka *Roe v. Wade* la. Anons la make tou pwochè etap “Pwomès New York Anvè Fanm yo: Toujou Pi Wo” (“New York’s Promise to Women: Ever Upward”), se yon seri mezi Gouvènè Cuomo te pran pou sipòte dwa fanm yo.

**Gouvènè Cuom te di:** “Fanm yo merite yon salè ekkitab ak menm salè ak gason, yo merite travay nan biwo san yo pa viktim asèlman sekysèl, yo merite peye yo absans

familyal konplè, epi yo merite gen kontwòl sou desizyon sante yo ak desizyon repwodiktif yo. Mezi règlemantè sa yo pral ede asire nenpòt sa ki rive onivo federal, fanm eta nou yo pral gen aksè a swen sante repwodiktif gratis epi espere mezi sa yo sèvi kòm yon modèl pou egalite atravè tout nasyon an.”

Pami mezi Gouvènè Cuomo te anonse jodi a yo, Depatman Sèvis Finansyè a (Department of Financial Services, DFS) pral bay konpayi asirans yo lòd pou:

- Founi kouvèti pou tout medikaman ak aparèy kontrasepsyon epi kouvri omwen yon mwayen kontrasepsyon nan chak metòd FDA (òganizasyon pwoteksyon pwodwi alimantè ak Medikaman) apwouve yo san kopeman, koasirans, oswa franchiz, kèlkeswa avni Lwa sou Swen Abòdab la.
- Founi kouvèti pou dispansè yon apwovizyonman mwayen kontrasepsyon pandan 3 mwa bay moun ki pa gen asirans yo. Pou dispansè menm mwayen kontrasepsyon ki fèt aprè yo menm founisè swen sante a te preskri a epi kouvri anba menm politik oswa renouvèlman, yon konpayi asirans dwe pèmèt kouvèti pou dispansè medikaman tout apwovizyonman kontrasepsyon an, jiska 12 mwa, anmenm tan.
- Founi kouvèti pou sèvis avòtman ki medikalman nesèsè yo san kopeman, koasirans, oswa franchiz (sof si plan an se yon plan ki gen franchiz ki wo).
- Founi enfòmasyon konplè ak egzat konsènan kouvèti a, yon lèt ki disponib [isit la](#) ap fè respekte yo.

**Direktè Sèvis Finansyè a Maria T. Vullo te di,** “Pa te janm gen yon tan ki pi enpòtan pase kounye a pou asire aksè a sèvis sante repwodiktif fanm yo bezwen yo. DFS pral pran tout mezi nesèsè pou asire konpayi asirans yo kouvri avòtman ak kontrasepsyon yo san kopeman, franchiz oswa san okenn depans lajan nan pòch. New York pa pral tolere okenn obstak oswa defisyans nan dwa fanm ak aksè a swen sante repwodiktif.”

Lwa New York la entèdi yon konpayi asirans mete limite oswa ekskli kouvèti sou baz tip maladi ak kondisyon medikal. Lwa New York la bay lòd pou kouvèti tou pou tout pwosedi chirijikal ki medikalman nesèsè, san eksklizyon pou sèvis avòtman yo. Lwa New York la prevni yon konpayi asirans ekskli kouvèti pou avòtman ki pa chirijikal yo plis ankò. Anplis de sa a, lwa New York la egzije pou konpayi asirans yo founi kouvèti mwayen kontrasepsyon ak swen prevantatif ak depistaj san kopeman, koasirans, oswa franchiz. Lwa a egzije konpayi asirans yo pou yo founi kliyan yo enfòmasyon konplè ak egzat sou kouvèti yo tou.

Règleman Depatman Sèvis Finansyè a sou zafè sèvis avòtman yo gen ladan yon egzansyon pou anplwaye relijye yo, byenke lòd la mande pou tout moun ki gen asirans gen menm dwa pou kouvèti san pa gen peman adisyonèl.

Depatman Sèvis Finansyè a regilarize konpayi asirans nan New York yo. Anba Lwa Asirans New York la (New York Insurance Law), Direktè a te otorize pou pwomilge

règleman ki fikse estanda minimòm pou politik asirans sante yo emèt nan New York yo. Yo te otorize mezi jodi a yo anba dispozisyon lwa New York la yo.

### **Pwomès New York Anvè Fanm yo: Toujou Pi Wo**

Nouvo règleman yo se dènye règleman nan yon seri mezi Gouvènè Cuomo te pran pou defann dwa fanm yo, yo rele “New York’s Promise to Women: Ever Upward.” Nan dezan ki sot pase yo sèlman, Gouvènè a te siyen lejislasyon pou konbat agresyon seksyèl sou kanpis yo atravè lwa *Enough is Enough Act* la (Lwa Sètase a); prevni asèlman seksyèl nan lye travay yo kèlkeswa lajè konpayi an; mete fen a diskriminasyon gwosès; etabli pwogram absans familyal yo peye ki pi long ak pi konplè nan nasyon an; epi elve salè minimòm lan rive \$15 alè. Pou plis enfòmasyon sou New York’s Promise to Women lan, vizite [isit la](#).

**Andrea Miller, ki se Prezidan Enstiti Nasyonal pou Sante Repwodiktif la (National Institute for Reproductive Health), te di,** “Pandan n ap kontinye fè fas a atak sou aksè fanm a mwayen kontrasepsyon ak avòtman, epi fanm yo kontinye rapòte enfòmasyon enkonsistan sou kouvèti asirans pou kontrasepsyon ak avòtman an, eklèsi sitiyoasyon sa yo atravè mezi règlemantè sa yo pi enpòtan pase janmè. Gras a Gouvènè Cuomo, New York se yon lidè nan efò pou kenbe konpayi asirans yo responsab epi asire fanm yo resevwa kouvèti pou swen sante repwodiktif yo san diskriminasyon epi garanti yo dapre lalwa.”

**Lois Uttley, Direktè Raising-Women’s Voices-NY, te di,** “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske l te pran mezi pou asire fanm New York yo ka itilize asirans sante yo pou resevwa sèvis sante repwodiktif yo bezwen yo. Nou te tandè kèk Fanm New York te di yo te refize yo kouvèti pou mwayen kontrasepsyon ki medikalman pi bon pou yo, oswa yo te fè yo peye yon montan inapwopriye pou kopeman pou planin. Lòt fanm yo te rapòte yo resevwa enfòmasyon ki pa egzat sou kouvèti kontrasepsyon yo lè yo rele liy sèvis alakliyantèl plan sante yo a yo. Mezi administrasyon Cuomo a pran jodi a yo pral asire fanm New York yo ka jwenn kouvèti pou mwayen kontrasepsyon yo bezwen, kèlkeswa sa ki rive onivo federal.”

**Dina Bakst, Koprezidan A Better Balance lan, te di,** “New York se yon lidè nan sipò egalite fanm, epi dwa pou aksè a swen sante repwodiktif se yon eleman enpòtan. Nou aplodi mezi sa yo, ki pral ajoute sou ‘New York’s Promise to Women: Ever Upward I,’ la k ap garanti absans familyal, pwomouvwa tretman ekitab pou travayè ansent yo epi k ap entèdi diskriminasyon nan peman ak diskriminasyon ki baze sou sitiyoasyon fanmi yo.”

**Donna Lieberman, ki se Direktè Egzekitif, Sendika Libète Sivil New York la (New York Civil Liberties Union), te di,** “Mezi sa yo se etap enpòtan vè lavan k ap asire fanm yo gen kontwòl sou lavi repwodiktif yo epi redwi baryè yo konfwonte lè y ap resevwa sèvis swen sante yo bezwen yo. Yo espesyalman enpòtan pou yo repouse kont atak sou fanm ak sante fanm k ap soti nan Washington nan.”

Règleman yo pwopoze konsènan sèvis avòtman yo epi dispanse mwayen kontrasepsyon yo, yo te soumèt nan Rejis Eta New York la (New York State Register), pral finalize aprè yon avi nan 45 jou ak yon peryòd komantè piblik epi l ap vin pi an efè nan 60 jou aprè piblikasyon final la. Jodi a Depatman Sèvis Finansyè a te pibliye yon lèt sikilè, à efè imedya, k ap raple konpayi asirans sante yo obligasyon yo genyen pou yo kouvri medikaman ak aparèy kontrasepsyon yo san okenn kopeman oswa franchiz.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418